# bu nit ki dundalee njabootam di ci séentu aw yiw loolu dina nekk ci moom ab sarax

Jële na ñu ci Abuu Mashuud -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «bu nit ki dundalee njabootam di ci séentu aw yiw loolu dina nekk ci moom ab sarax».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne bu nit ki joxee njël njabootam gimu war a dundal, niki jabaram ak way-juram ak i doomam ak ñeneen, di sàkkoo jege Yàlla ci loolu, di yaakaar ci moom payug li mu joxe kon dana am yoolub sarax.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6460

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee